16 desanm 1990: Eleksyon prezidan Aristide. Roger Lafontant eseye yon koudeta nan mwa janvyè 1991.

7 fevriye 1991 : Prezidan Jean Bertrand Aristide pran pouvwa.

30 septanm 1991 : Jeneral Raoul Cedras bay prezidan Aristide koudeta.

FRAPH (Fwon pou Avansman ak Pwogrè d Ayiti), yon gwoup paramilitè ki nan sèvis lame, rive pran zam nan depo lame a pou bay sivil. FRAPH la ap fè anpil dega pandan tout ane koudeta ap dire yo, nan fè dappiyanp sou patizan Prezidan ki nan egzil la.

1991-1994: Kanpay *Fè koupe fè* ap fè zam rantrè nan peyi a pou fè rezistans kont koudeta militè a.

Nan peryòd sa a, yo komèt plizyè krim ak masak ensipòtab, tankou masak Site Solèy, ki te pase jou ki 27 desanm 1993 (Komisyon Jistis ak Lapè te pibliye yon ankèt sou li). Nan menm peryòd sa a, yo te òganize tou yon masak nan Raboto nan Gonayiv, jou ki te 22 avril 1994.

Yo asasinen anpil moun enpòtan nan epòk sa a, tankou de (2) frè Izmèry: Georges (26 me 1992) ak Antoine (11 septanm 1993); Mèt Guy Malary, ki te Minis Lajistis la (14 oktòb 1993) ak Pè Jean Marie Vincent (28 out 1994).

Oktòb, 1994: Prezidan Aristide retounen nan peyi a, ak konkou lame ameriken nan.

Touswit aprè retou prezidan Aristide, te deja genyen gwoup amé tankou Lame Wouj nan Site Solèy, ki te aji nan enterè yon seri gwoup politik.

Nou te jwenn yon pakèt zam afè nan Site Solèy ki sòti nan zam Tonton makout te genyen yo, nan kanpay *Fè koupe fè*, nan paramilitè FRAPH yo ak zam ansyen militè yo. Pafwa menm, se lame ameriken nan ki kite bandi Site Solèy yo vòlè zam yo nan cha yo. Otorite yo pa janm di ki valè zam Merin ameriken yo kite nan fason sa a nan Site Solèy

Lè prezidan Aristide te demobilize FAd'H (*Forces Armées d'Haiti*) nan lane 1994, ansyen militè yo te pati ak tout zam yo.

1995 : Genyen yon seri krim politik ki fèt :

Mèt Mireille Durocher Bertin ak Baillergeau Eugène ki te asasinen sou wout Nazon jou ki 28 mas 1995.

Yo asasinen tou depite Hubert Feuillé, jou ki 7 novanm 1995.

12 jen 1995: Yo mete PNH (Polis Nasyonal d Ayiti) sou pye. Christine Jeune, yon jèn polisye, te deklare devan piblik Site Solèy la ak prezidan Aristide : se sèl lapolis ki gen dwa pote zam afe, sitwayen pa ladan l. Yo te asasinan l pou sa, epi yo te jwenn kadav li sou Wout Frè.

Premye manda prezidan René Garcia Préval

1996-2001: Zam kontinye ap sikile nan men gwoup gang, bandi yo ak sivil. Deklarasyon ofisyèl yo te fè sou dezameman pa ateri.

3 avril 2000: Yo asasinan Jean Léopold Dominique ansanm ak Jean-Claude Louissaint nan lakou radyo Ayiti Entè.

Desanm 2000: Eleksyon pou Prezidan. Aristide kandida pou yon dezyèm manda nan eleksyon opozisyon an konteste poutèt magouy ki te genyen.

Dezyèm manda prezidan Aristide (2001-2004), epi Gouvènman tranzisyon

Yo fòme Gwoup 184, ki lanse yon seri manifestasyon GNB (*Grenn nan bounda*) nan Pòtoprens. An menm yo lanse yon rebelyon ak zam nan Ba Plato Santral, ki gen baz li nan Repiblik Dominikèn nan, pou oblije Prezidan an kite pouvwa a.

Out 2002 : **Piblikasyon premye rapò Komisyon Jistis ak Lapè sou vyolans nan zòn metwopolitèn nan. Rapò a kouvri peryòd jiyè ak out 2002.**

Tout pati politik yo (pati Lavalas ki sou pouvwa a, tankou opozisyon an) itilize gang ak zam pou fè patipri. Zam yo vin pi plis chak jou nan peyi a. Sektè prive a tou gen gwoup ak zam pa l, li fè alyans ak gang yo pou defann byen ak enterè yo. Militè demobilize yo tou fè operasyon ak zam yo gen nan men yo.

Nan de (2) okazyon Prezidan an rankontre ak chèf gang Site Solèy yo, nan Taba epi nan Palè nasyonal la.

29 fevriye 2004: Yo fòse prezidan Aristide kite peyi a.

Mwa fevriye ak mas 2004 se mwa yo dwe konsidere tankou mwa ki te gen pi plis vyolans ak zam nan peyi a. Rapò Komisyon an pale sou 145 ak sou 153 viktim. Men chif reyèl yo dwe pi wo toujou.

2004 : Gouvènman defakto (ou tranzisyon) Prezidan Boniface Alexandre ak Gerard Latortue kòm Premye minis te monte sou pouvwa.

Minustah debake nan peyi a ak plis pase 7.000 solda. Yo pa janm di nan jounal konbyen zam yo genyen, konbyen yo pèdi ak konbyen yo te vòlè nan men yo.

Nan mwa sektanm, se te lansman Operasyon Bagdad ki te gen ladan l zak kidnapin ak asasinay. Kidnapè yo prezante tèt yo tankou se yon repons y ap bay ak sila yo ki te kidnape prezidan Aristide. Li pa fin klè kote pawòl Operasyon Bagdad la sòti: èske se gwoup ame yo ki vini avè l, oswa Gouvènman an? Ane 2004-2005 te genyen anpil lagè ant gang ladan l ki fè anpil viktim; genyen

operasyon lapolis (ak Minustah), epitou gen zak pou fè moun pè, tankou lè yo te jwenn 14 kadav sou wout Dèlma jou ki 25 ak 26 septanm 2004.

9 avril 2005 : Ravix Remissainthe, yon ansyen kapitèn nan lame, mouri nan batay.

6 jen 2005: PNH la ansanm ak Minustah lanse yon operasyon kont baz Djèd Wilme (Emmanuel Wilmen) nan Site Solèy. 11 moun viktim (pami yo yon fanm). Yo pa t rete pou pwoteje popilasyon an ki se wòl yo ak devwa yo, sa vin lakòz plis pase 24 moun tonbe viktim zak revanj nan menm jounen an.

2006 : Popilasyon an eli René Garcia Préval pou yon dezyèm manda kòm Prezidan. Li pase ak 49,5% nan vwa yo, apre twa jou manifestasyon, jouk KEP la elimine sa yo rele « vòt blan yo ».

Dezyèm manda Prezidan René Préval

Mai 2006 : Prezidan Préval pran pouvwa jou ki 14 me. Kandida Préval te jwenn api gwoup ak zam nan katye popilè yo. Lè Gouvènman René Préval / Jacques Edouard Alexis te pwopoze pou negosye ak gwoup ak zam sa yo, sosyete a pa t dakò, ki fè yo blije aji kont yo.

2007 : Depi lè Minustah ak PNH la sèvi ak fòs kont gang yo ak gwoup ki gen zam nan site yo, fòs yo diminye. Plizyè nan chèf yo mouri, oubyen yo arete yo. Men zam yo toujou la, Anyen pa janm fèt pou retire zam yo nan men sivil yo. Lè n gade kantite asasinay ki te genyen nan epòk sila a, mwens moun mouri ak vyolans nan ane 2007, 2008 ak 2009 sa yo, depi Operasyon Bagdad, pou jouk nan moman n ap viv la (2010-2014) kote nou rive jwenn 2 oubyen 3 asasina chak jou nan zòn metwopolitèn nan.

Avril 2008 : Popilasyon an revòlte kont grangou, epi l ap manifeste kont lavichè.

2010 : Depi tranbleman n tè 12 janvyè a, pakèt lame etranje yo ki sòti tout kote nan mond lan ap pile tè peyi d Ayiti, san pyès moun pa janm konnen ki kalite, ak ki kantite zam yo pote. Vyolans ak zam ap reprann nan zòn ki pi sansib nan kapital la, ak nan kèk lòt zòn tou ki antoure l yo.

Aksyon Gouvènman Preval te mennen kont gang ak zam yo ansanm ak chanjman ki te genyen nan chèf yo ki alatèt gwoup ame sa yo ap chanje kalite vyolans ki genyen nan kapital la tou. Kounye a, vyolans la pa mare sèlman ak kèk katye ak batay ant gang yo. Vyolans la vin pi jeneralize nan tout katye yo, epi li vin pi difisil pou montre otè yo. Men li pa diminye pou sa ; se sa diferan chif yo montre pou dènye ane sa yo. An menm tan, yon seri katye rete baz kote gang yo byen chita, tankou Matisan, Dèlma 2-4, Simon-Pele ak Savann Pistach.

Prezidans Michel Joseph Martelly

Chif yo pou lane 2011, 2012 ak 2013 bay prèv vyolans ak zam pa bese pandan dènye ane sa yo. Pito, chif yo fè wè vyolans la vle vin tankou yon reyalite estab ki lakòz chak jou ant 2 ak 3 moun tonbe viktim anba bal.

Ti gade sa a nou sòt fè a, kab fè n twonpe tèt nou sou kèk pwèn, paske li plis pale sou zafè politik la. Okontrè, tout vyolans, menm vyolans fizik, toujou genyen anpil koze ladan l. Lapè pa vle di sèlman pa gen zam k ap chante. Men nan sa n montre li klè jan vyolans makonnen ak politik la. N ap retounen sou sa toujou nan sa n ap pale pi devan an.

Ki sa k motive Komisyon an fè obsèvasyon sila a

Sa ki pouse Komisyon an fè obsèvasyon sa yo sou moun ki mouri anba zak vyolans nan zòn metwopolitèn nan se konsiderasyon sa yo :

- **Respè lavi moun, respè pou non l ak pou kò l.** Li kareman pa akseptab pou moun ap pèdi lavi yo nenpòt kouman san pa gen ankenn jefò ki fèt pou sonje viktim yo ak non yo si posib, epi pou tabli sikonstans lanmò yo. Sonje viktim yo, epi genyen yo nan memwa nou se yon devwa. Yon moun yo asasinen pa menm ak yon chen yo touye.
- Lis pou anrejistre non moun ki mouri sasinen ak sikonstans lanmò yo, lè li pi konplè posib, **dwe fè sosyete a konsyan sou enpòtans vyolans lan ak ensekirite a reprezante.** Li montre nesèsite pou gen yon bon jan lit kont vyolans ak enpinite a nan sosyete a. Kounye a, prèske chak ka, chak zak sasinay louvri chimen pou yon lòt ka enpinite.
- Konsa tou li nesèsè, kidonk enpòtan pou yo **tabli laverite, pou kwape tout manti ak rimè sou ka moun ki mouri sasinen yo.** Se sèl lè gen bonjan enfòmasyon ki bay sou ka sa yo, yo ka ede tabli laverite epi pèmèt poze bon jan kesyon sou ka zak sasinay sa yo. Kesyon sa yo gen awè ak: vyolans, enpinite ak move fonksyonman lajistis. Divès rapò yo

Yon brèf rapèl depi kòmansman

Desizyon pou lanse nan yon obsèvasyon sistematik sou vyolans k ap fèt nan zòn metwopolitèn nan, avèk kritè moun ki mouri nan lari nan kapital la, te tanmen apre dekouvèt yon kadav nan ri Karavèl sou Nazon.

Nou te enfòme Lapolis ki te pwomèt yon entèvasyon rapid. Men 24 trè pita, kadav la te toujou twouve l atè a nan menm plas la, epi chen te kòmanse devore l.

Evènman sa a mennen nan yon refleksyon avèk Komisyon Achidyosèz la epi l kondi nan yon jefò pou siyale kadav k ap trennen nan lari yo nan kapital la.

Premye rapò jiyè 2002 a, ki pale apèn sou 15 ka, te bay tout moun ki wè l yon chòk. Kèk kòmantè moun te fè, t ap rebatize kapital la “Port aux Crimes – Pòtokrim”.

ale nan menm sans pou poze kesyon vyolans lan nan vrè dimansyon l: rapò sa yo oblije otorite responsab yo fè limyè regilyèman sou eta vyolans lan nan peyi a, pou bay chif, pou di ki jan yo analize ak entèprete sitiyasyon vyolans la.

- Lè yo konnen sa k pase yo, epi analiz ak refleksyon sou vyolans la **pèmèt yo fè bon jan pwopozisyon ak responsab yo yon pa**, epi ak tout sosyete ayisyen an an jeneral.
- Bonjan obsèvasyon korèk sou zak vyolans yo, se yon gwo lekòl enpòtan, kote tout manm komisyon lokal Jistis ak Lapè yo aprann obsève, rapòte, brase lide ansanm, analize epi fè pwopozisyon. Konsa, obsèvasyon Komisyon an fè yo vle rete yon fòmasyon teren ak yon lekòl ki pèmèt manm JILAP yo apresye pi byen diyite moun genyen. Epi fason nou viv ansanm nan respè san fòs kote, kapab montre diyite sa a.

Ki leson nou te aprann

1- Ki jan yo sèvi ak rapò JILAP yo? Aktè politik yo pa site rapò Komisyon an souvan, yon fason pou moun ta konprann egzakteman sa rapò yo di yo; men done rapò sa yo dwe sèvi kòm agiman swa pou yo dedwane tèt yo yo menm, swa kòm rezon ou motif pou akize pouvwa anplas oubyen fòs opozisyon yo. Mòd pratik sa a te vin klè sou gouvènman Lavalas la ak pandan rèy gouvènman tranzisyon an Boniface-Latortue a. Dènye rapò Ekspè endepandan Nasyonzi a te site yon bon bout nan rapò Komisyon an fè chak lane sou vyolans lan ki genyen atravè tout peyi a.

Pou sitwayen yo menm, rapò yo sèvi tankou mezi pou konnen kòman vyolans lan ap evolye. Plis moun vin konnen rapò yo. Lapolis bò kote pa l, santi l oblije pou l pibliye pwòp rapò ak chif pa l regilyèman.

2- Rapò yo, nan fason pa yo, revele epi pwouve sistèm jidisyè a pa efikas nan peyi Ayiti. Konbyen ankèt ki fèt apre yon krim fin fèt? Ankèt yo, si genyen, pa janm abouti nan yon jijman. Konsa, rapò yo pa sèlman mezire zak kriminèl yo ak zak vyolans òganize ou lòt, men tou yo mezire degre enpinite ak mank jistis peyi a ap soufri.

3. Ti kras zòrèy pou tande rekòmandasyon yo se yon bagay nou konstate. Finalman yon de-twa rekòmandasyon sèlman jwenn wout yo jis nan politik moun k ap deside yo. Pa genyen anpil repons dirèk sou rapò yo. Dayè, rapò komisyon Jistis ak Lapè pa vle pwovoke moun, men yo kominike yon fason senp sa n te obsève yo, pou fè laverite epi pou souke konsyans yo. Men kèk nan rekòmandasyon sa yo :

- **Dezameman an** ki parèt tankou yon evidans pou mennen yon lit konsekan kont vyolans ak krim òganize, pa janm fèt, malgre tout pwomès ak deklarasyon yo te fè sou sa.

➤ **Yo pa janm mennen yon lit konsekan ki dwe pote bon rezilta kont lamizè ak povrete.** Okenn gouvènman pa janm te deklare yon politik piblik pou lite kont lamizè. Peyizan yo poko janm jwenn yon ankadreman reyèl. Apèl pou jwenn envestisman, se vre, ap kreye travay pou kèk dizèn milye moun, sa ki yon bon bagay, men envestisman yo jan kapitalis la konprann li epi ki chita sou avantaj ti salè piti nan faktori yo dwe bay peyi a, pa bay garanti ap genyen plis jistis ak lapè sosyal nan peyi a.

➤ Plizyè rekòmandasyon fèt pou gen plis sekirite nan **trafik woutye a. Moun k ap kondui machin pa dwe ap pale nan telefòn anmenm tan;** vit fimèn ki fè ou pa wè moun nan machin ki anfas ou, se yon faktè ki kreye ensekirite; konpòtman vyolan ak ireskonsab yon bann machin ofisyèl (OF) ak sèvis Leta (SE) genyen. Sèl sa k fèt sou kontwòl chofè moto yo.

4. Lit kont vyolans ak ensekirite a gen plizyè dimansyon ladan l. Pou l efikas, yo dwe pran mezi nan domèn sosyal ak ekonomik ; yo dwe fè chwa politik ki opoze ak enterè mesken moun ki nan pouvwa a; yo dwe pran desizyon pou fè sistèm jidisyèl a fonksyone; yo dwe mennen ankèt ki abouti, ki mennen nan jijman ak sanksyon. Si se pa konsa, vyolans lan ap rete senpleman rezilta ak yon nouvell sous ensekirite ak enpinite.

5. Ki kote vyolans lan soti? Ki moun ki vyolan? Ki moun ki kriminel? Obsèvasyon an oblije n poze kesyon sa a. Repons la pa fasil, paske l touche diferan aspè nan lavi sosyal, ekonomik ak politik.

- Souvan yo di se gwo lamizè ki motif epi ki sèvi kòm eskiz pou fè vyolans. Pafwa yo vle fè kwè se moun pòv yo ki ta pi vyolan. Pòv la pa vyolan, li amè l ak rezilyans pou l reziste ak vyolans l ap sibi a. Se vre, povrete a kreye yon anviwonman kote jèn yo ap viv nan dezespwa, konsa yo mete yo pi fasil nan sèvis moun ki òganize tèt yo pou fè krim, pafwa pou rezon politik.

Anpil aktè mele lè gen vyolans ak zam. Kòm egzanp, ann gade kèk masak nan lane 2002 ak 2005.

- 20 septanm 2002, yon gwoup tolerans zewo kidnape 7 timoun nan ravin Bwadchè. Nan menm jou dimanch la, yo jwenn kadav 5 nan yo, nan divès kote nan kapital la.
- 25 fevriye 2004, sou Waf Jeremi, yo sasinen 18 moun ki t ap pare pou kite peyi a.
- 26 oktòb 2004, sou Fò Nasyonal, yo sasinen 10 jèn. Moun nan zòn nan te lonje dwèt sou lapolis.
- 28 novanm 2004: lagè ant gang nan Site Solèy lakòz 20 moun pèdi vi yo. Ant 24 ak 27 me 2005, lagè ant gang nan Boston ak Bwa Nèf fè 15 viktim.
- 24 fevriye 2005. Yon operasyon PNH kont Baz Kamewoun fè 6 viktim, ki pa t manm nan gang.
- 20 jen 2005, sou Belè, 6 moun mouri nan yon vanjans.
- Yon operasyon PNH ak Minustah jou ki 29 jen 2005 lakòz 7 moun pèdi vi yo.

Lagè ant gang ap kontinye fè viktim.

- Sa k parèt atravè 50 rapò yo, se makònay **ki genyen ant vyolans lan ak konjonkti politik yo**; peryòd kote k gen pi gwo vyolans se peryòd lè politik la enstab nan peyi a.
 - Pandan ane koudeta kont prezidan Aristid (sektanm 1990 rive oktòb 1993) peyi a te viktim anba yon vyolans ekstrèm. Rapò ki pote non *Si m pa rele*, Komisyon Verite ak Jistis te fè a, bay temwayaj sou sa. Rapò a pa bay tout bagay, men li pale sou 333 moun ki disparèt, 576 egzekisyon somè nan peryòd sa a. Youn sou de ka konsènen depatman Lwès la. Sa vle di te kab gen 24 sasinay politik chak mwa. Yo te remèt rapò a bay prezidan Aristid yon jou anvan li te fini manda l la nan lane 1995. Yo te fè anpil rekòmandasyon pou refòm Lajistis la, yo tout rete san repons. Epoutan, demann jistis la te parèt pami pi gwo demann popilasyon an te fè nan lane 1987, nan moman fen diktati a.
 - Mwa ki te pi vyolan yo se mwa anvan ak mwa ki swiv touswit depa fòse prezidan Aristid nan lane 2004. Answit yo te deklanche Operasyon Bagdad nan mwa sekatanm 2004. Li te akonpaye ak anpil ka kidnapin. Menm si zak kidnapin lan te deja fèt nan lane 2003. Ki moun ki pa sonje ka ti Boris Potensky, yo te kidnape epi ki disparèt depi nan lane 2002?
 - Chak peryòd elektoral mache ak zak vyolans nan kapital la (sa fèt konsa depi premye eleksyon demokratik yo te vle òganize nan lane 1987). Se konsa sa ye tou nan plizyè zòn nan peyi a, tankou nan Ba Latibonit, nan Ba Plato Santral, nan depatman Sant lan, nan zòn tankou Ansdeno. Yon bann politisyen aktive baz yo, pou asire kontwòl teren an.
 - Asasinay politik yo anpil tou. Kèk egzanp: Mèt Mireille Durocher Bertin (yo sasinen l jou ki 28 mas 1995); jounalis Jean Léopold Dominique (3 avril 2000); jounalis Brignol Lindor (Ti Gwav 3 desanm 2001); Pè Ti Jean Pierre Louis (3 dawou 1998).
 - Lè yo pale sou vyolans nan peyi Ayiti, yo pale fasilman sou peryòd Operasyon Bagdad la, kote nivo vyolans ak ensekirite ak zam nan vil Pòtoprens lan te vrèman elve. Chif yo montre depi lè sa a vyolans lan rete yon eleman konstititif nan reyalite Ayisyèn nan. Pandan 4 dènye lane yo, vyolans lan estabilize l ozanviwon 2 ou 3 zak sasinay ak zam chak jou nan kapital la. *Sa ki bay chif pou yon lane ki menm depase epòk Operasyon Bagdad la.* Alò, èske yo ka pretann ensekirite a ak vyolans lan sou kontwòl, jan otorite yo renmen repete sa jounen jodi a?

6- Vyolans ak zam nan peyi Ayiti pote mak fabrik politik la. Sa vle di:

- Vyolans lan gen yon sik li vini ak konjonkti politik yo, li mache ansanm ak moman enstablite, tankou peryòd elektoral yo ; nan moman sa yo aktive baz yo avèk zam ak lajan pou enfliyans konpòtman elektoral moun nan popilasyon an, pou kontwole yo oswa pou kontwole fwod yo pi byen.
- Lit kont vyolans lan pa yon vrè priyorite politik ; okontrè, yo jere vyolans lan pou l itil politik la. Sa parèt ak lè n gade kalite lyen otorite yo ak moun pèp la te eli yo tabli ak gang ki genyen zam yo. Yon lè yo mande yo rann yo sèvis, delè yo sèvi ak yo pou asire popilasyon an apiye yo. Gen manm nan PNH tou ki aji menm jan oswa ki sèvi ak manm gang kòm enfòmateur.
- Soumisyon aparèy Lajistis la parapò ak Egzekitif la e menm parapò ak Lejislatif la, asire enpinite lè gen zak kriminel.
- Otorite yo pokò pa janm pran desizyon ki nesèsè pou mennen lit kont vyolans la. Konsa, pa gen politik piblik pou amelyore kondisyon sosyal ak ekonomik popilasyon an.
- Lajistis pa gen mwayen pou fè travay li, pou fè ankèt ki abouti. Anpil lwa pa adapte ak tan n ap viv la. Lejislatif la preske pa vote lwa. Vitès pou yo te apwouve lwa kont kidnapin, se bagay nou pa janm wè ankò. N ap tann toujou pou yo vote lwa ki pou fè Lajistis vin endepandan ak efikas.
- Pa genyen dezameman jan sa dwe fèt, yo pa kontwole trafik zam yon fason efikas. Komisyon Jistis ak Lapè mande pou Palman an ratifye *Trete sou kòmès zam yo* epi pou peyi a pran diferan mwayen legal pou kontwole tout zam ki genyen anndan peyi a yon fason pi efikas.

« Lè otorite ki responsab fè lwa yo, pou konbat, jije ak sanksyone lè yo pa respekte yo konplis ak lavyolans ak enpinite, nou gen rezon pou n pale sou yon grav kriz moralite k ap travèse sosyete a ak reyalyite politik ayisyèn nan. Rapò nou yo gen tan repete sa plizyè fwa. Pwoblèm nan trè pwofon, paske li touche ak konviksyon responsab yo epitou ak fason yo wè lavi nan sosyete a. » (Gade rapò 22).

7- Vyolans ak dwòg

Depi sou diktati a anvan 1987, yo deja t ap pale sou Ayiti kòm peyi kote dwòg pase libelibè pou ale Ozetazini. Tanzantan eskandal dwòg la ap fè pale anpil. Entelijans peyi Etazini toujou ap pale ak gwo chif yo lè l pale sou peyi d Ayiti.

Poutan lè n anrejistre vyolans yo, dwòg la prèske pa parèt. Paske peyi a pa genyen katèl dwòg k ap fè lagè antre yo pou gen plis pouvwa, tankou jan sa ye nan peyi nan Amerik

Santral la ak nan Amerik Disid la. Diferan zòn nan peyi a t ap sèvi yon lè kòm zòn tranzit, sa vle di tankou yon kote dwòg la t ap sikile ou t ap pase : zile Lagonav, plantasyon Dofen nan Nòdès ak kòt Sid peyi a, zòn Pòdpè ak zòn Pestèl nan Grandans, epitou nouvo wout yo tankou Wout Nèf nan Site Solèy ak wout nan Ba Latibonit ... Tout peyi a nèt te sèvi kòm kote pou fè dwòg la pase nan yon moman oubyen nan yon lòt.

Dwòg la byen lye ak politik. Gouvènman yo youn apre lòt, depi diktati Jean Claude Duvalier a, yo te lonje dwèt sou yo tout, paske yo te mele nan zafè dwòg; antouraj chèf Leta a toujou te mele nan divès degre; pafwa menm, yo te lonje dwèt sou Prezidan li menm yon fason dirèk. Evidaman, li difisil pou verifeye pawòl sa yo. Dwòg la mennen koripsyon nan zafè politik, li pèmèt yo jwenn kòb pou fè fwod ak magouy, li fè yo pa òganize enstitisyon Leta yo kòm sa dwa, tankou lapolis ak Lajistis. Okontrè, makònay ant dwòg la ak politik la kapab byen jete yon limyè patikilye sou sa k mare ansanm: politik, vyolans ak enpinite.

8- Vyolans ak jistis popilè

Nou pa dwe mele jistis popilè a ak zam blanch, menm si yo ka pretann tout ka kote moun mouri ak zam blanch se ka jistis popilè yo ye; men jistis popilè pi laj, paske konn genyen egzekisyon somè ak bal ou revòlvè.

Kèk nan pi gwo aksidan yo:

- 6 me 2005. 12 moun mouri nan zòn Nazon, ri Selimèn, lè dlo desann sanzatanm. Fanmi Jerome konte plizyè viktim.
- 28 me 2005. 11 (gen sous ki di 20) moun peri nan dife Mache Tèt Bèf.
- 24 me 2004. Yon machin pwa lou pèdi fren l sou wout Kanape Vè toupre komisarya a. 9 moun pèdi vi yo, 5 sou plas.
- Nan mwa novanm 2008, lè yon lekòl efondre nan Nerèt, Petyon vil, genyen 99 viktim.
- 16 janvyè 2012. Toupre Tele Nasyon, 38 pèdi vi yo, lè yon kamyon pwa lou ki pèdi fren epi apre chofè a te bandonnen l, ap desann wout Dèlma.
- 29 mas 2012. 6 moun mouri nan yon glisman tè, sou Mòn Kalvè, Petyon vil.
- 11 septanm 2012. 7 moun viktim nan yon aksidan machin transpò piblik nan Kwadèbòkè.

Jistis popilè a mare ak Lajistis Leta ofri ki pa mache kòm sa dwa, epitou popilasyon an santi l anba menas lè gen vòl, vyòl ak sasinay, oubyen lè yo menase lavi l.

Pou konbat jistis popilè a dwe genyen : yon sistèm jidisyè k ap fonksyone byen, k ap pini koupab yo, epi viktim yo dwe jwenn jistis kòm sa dwa.

Nou bezwen, an plis, pou Leta prezan yon fason reyèl pou pwoteje moun yo. Pakèt deklarasyon pou denonse ak kondane, lè se otorite k ap di yo, pa chanje anyen nan reyalyte a. Otorite yo fèt pou pran responsablite yo.

9. Kèk lòt kalite vyolans fizik nou kapab wè toujou

Lòt kalite vyolans nou konn wè se aksidan nan trafik woutye, ak moun ki mouri nan katastwòf natirèl, lè gen responsablite moun ki mele ladan l. Delè, se aksidan yo nan trafik ki fè n wè nan ki move kondisyon moun ap

deplase nan zòn metwopolitèn nan.

Genyen yon seri gwo machin pwa lou, k ap woule san kontwòl, san yo pa janm enspekte yo. Yo simen ensekirite ak lanmò jan nou montre sa nan yon ti lis gwo aksidan ki te fèt nan zòn metwopolitèn nan. Gen yon seri chofè tou ki konpòte yo yon fason ireskonsab. Gen sa k sèvi ak telefòn dèyè volan: se yon danje yo ye; gen chofè k ap fè vyolans, men ou pa kapab wè figi yo ki envizib dèyè vit fimèn. Gen yon seri otorite ki dwe aprann respekte prensip jeneral yo ki mennen trafik woutye a. Vit fimèn yo pa sèlman kreye plis danje nan trafik paske ou pa kab wè chofè yo ki anfas, men tou yo kreye plis ensekirite.

Nan anpil katastwòf natirèl tou, genyen reskonsablite moun ki mele. Konsa, nou mete viktim yo pami viktim vyolans k ap menase lavi ak byen viv ansanm ant sitwayen ak sitwayèn yo.

Pou fini : Vyolans, se yon reyalyte ki konplèks

Vyolans lan avèk pakèt konfli k ap travèse sosyete a, mare ak lit enterè yo ki make lavi sosyal la. Konfli a menm ki montre n diferans ki genyen nan mitan moun ak moun, gwoup ak pèp li se yon siy lavi ki pa vle di vyolans pou sa. Vyolans vin enstale kote moun refize antann yo, kote pa gen dyalòg, ak chèche antann yo. Vyolans lan konsène tout konpòtman ki detwi lavi. Konsa, nou rele vyolans: **“yon sitiyasyon kote esperans lavi a (lavi an kantite oswa bon kalite lavi a) pou moun yo ak pou kominote yo diminye anpil, epi se moun ki fè sa fèt konsa.”** (Traube).

Kidonk, vyolans lan se yon bagay ki laj epi ki refere dirèkteman ak lavi, bon kalite l genyen ak kantite lavi ki genyen. Li refere tou ak relasyon moun genyen ak moun, paske vyolans lan montre yon kalite relasyon ki genyen nan mitan moun. Se moun ki fè vyolans sou lòt moun parèy yo.

Vyolans lan ka pran plizyè fòm: genyen chapant vyolans ki jenere lanmò: tankou opresyon (toupizi moun), esklizyon (mete moun sou kote), chomaj, lagè, diskriminasyon masiv ki touche tout yon popilasyon. Gen konfli sosyal ki dejenere epi yo chèche rezoud yo ak vyolans, atanta, fristrasyon. Genyen vyolans fizik gwoup ak moun ap fè lòt sibi; gen vyolans ant generasyon yo epi ant gason ak fanm, tankou dominasyon gason sou fanm. Vyolans sichik (sou lespri moun) ap detwi pèsonalite lòt la, menm jan ak vyolans vèbal...

Pou konprann kèk lide tankou byen komen ak jistis sosyal, nou gade nan Ansèyman Sosyal Legliz la.

Byen komen an vle di ansanm kondisyon sosyal, politik ak ekonomik yo ki pèmèt chak moun ak gwoup sosyal yo reyalize tèt yo pi konplè posib. Konsa, byen komen an pa asire si yo pa respekte dwa moun, fi tankou gason; si yo bafwe diyite moun.

Jistis sosyal la plis pase separe total byen yo. Li mande tou yon patisipasyon aktif chak moun nan jere sosyete a ak chak fwa yo pran desizyon ki konsène yo.

Kontribisyon Komisyon Jistis ak Lapè, ki obsève vyolans lan ak sèl kritè viktim ki mouri anba vyolans k ap touye moun ak zam ak vyolans nan konpòtman moun ak moun, genyen anpil limit ladan l. An menm tan li fè wè anpil bagay epi li pèmèt nou fè yon seri refleksyon valab sou sosyete nou an ak fason nou jere konfli yo.

Nan peyi d Ayiti, lit pou pouvwa politik la revele anpil divizyon, konfli ak vyolans ki travèse sosyete a; san n pa mete akote lòt faktè tankou ekonomik la, paske gen yon lyen ki klè ant ekonomi ak politik.

Objektif final n ap chèche a, se kreye yon kilti lapè. Li prezante ak pwòp egzijans li tankou;

- Konviksyon ak lafwa inbranlab nan diyite lòt la, lòt gwoup ak lòt pèp;
- Apresyasyon pou demokrasi a (nan diferan fòm ak ekspresyon li kab genyen) pou asire patisipasyon chak moun nan desizyon ki konsènen ansanm sosyete a.
- Valorizasyon dyalòg la, rankont lan, negosyasyon an, konsètasyon oubyen tout lòt apwòch pou regle konfli epi pou asire sa k nan enterè tout moun (sa yo rele byen komen an) nan pi bon fason nou kapab.
- Respè pou antant nou te rive jwenn epi nou te dakò sou yo.
- Pouswit konsekans jistis sosyal la, san demagoji, san diskou ou pwomès ki vid. Fòk chak moun ka viv yon kondisyon lavi ki kòrèk pou reponn ak bezwen li yo; men egalman chak moun dwe vin yon aktè aktif ki patisipe nan tout sa ki konsènen kominote l.
- Finalman, reyalizasyon yon Leta dedwa dwe asire respè lwa yo ak antant yo; sanksyon yo dwe ankouraje epi asire yo respekte lalwa; Lajistis dwe mache yon fason endepandan epi san fòs kote.

P. Jean Hanssens, cicm

Komisyon Jistis ak Lapè kontinye ap sonje Daniel Dorsainvil ak Guerldy Larêche, yo asasinan jou ki te 7 fevriye 2014.

Komisyon an mande kilè y ap jwenn jistis kòm sa dwa, pou enpinite kaba nan peyi a.

Commentaires

Pour comprendre la portée et la signification de l'observation de la violence par la Commission Justice et Paix dans la zone métropolitaine de Port-au-Prince, dont nous présentons le 50^{ième} rapport, nous retraçons d'abord le contexte sociopolitique de l'époque, avant de rappeler les objectifs poursuivis par cette activité, et de mentionner ensuite les leçons apprises.

L'expérience de la Commission Justice et Paix démontre la connivence de la violence avec le contexte sociopolitique que traverse le pays. **Elle démontre surtout le manque d'engagement et de conviction réel en faveur de la démocratie et de l'Etat de droit chez bon nombre de nos responsables politiques.** La démocratie se décide trop souvent par la force brutale, la peur et l'imposition des idées et des personnes, et non par les urnes et la conviction citoyenne. Tout cela se passe contre un arrière fond de criminalité, d'impunité, de corruption et de soumission servile de la Justice aux autres Pouvoirs de l'Etat. La communauté internationale qui désapprouve la violence en est complice quand il s'agit de s'assurer de ses intérêts.

Nous présentons ce contexte à partir d'un historique de la prolifération des armes et de l'insécurité dans le pays, publié en 2010 ; en suite il y a le travail du Groupe de Recherche et de Réflexion (JILAP-GRR).¹

Regard sur la violence armée en Haïti

Cette analyse de la violence armée prend comme point de départ la période qui marque la fin de la dictature et le départ du président Jean Claude Duvalier.

Les années de transition après la dictature

1986, 7 février : Avec le départ du Président Jean Claude Duvalier qui marque la fin du règne de Duvalier, prend fin le régime répressif des tontons macoutes ou VSN (Volontaires de la sécurité nationale) qui encadrait le pays jusque dans les habitations et coins reculés. Les estimations mentionnent près de 500.000 membres pour ce corps.

1987, 29 mars : Adoption par referendum de la Constitution de 1987.

1986-1990 : La période de la bamboche démocratique, selon l'expression du Général Namphy. Un décret permet aux compagnies privées de sécurité de s'établir dans le pays. Plusieurs membres de la FAd'H s'engagent dans cette activité d'assurer la sécurité privée. Le nombre d'agents de sécurité dépassera bientôt le nombre des membres des FAd'H, dont l'effectif compte 7.000 militaires en 1987.

¹ Commission Episcopale Nationale Justice et Paix, *Enquête sur les armes à feu en Haïti entre 1986 et 2010*, juillet 2010.

GRR *Réalité des groupes armés dans le pays*, juin 2005.

Des groupes para militaires comme les *Brassards Rouges* ont été bien armés, grâce à leurs relations avec des individus dans l'Armée d'Haïti.

La période connaît des assassinats et disparitions comme : Charlot Jacquelin (19 septembre 1986), Me Yves Volel (13 octobre 1987).

1987, 28 novembre : Les premières élections démocratiques sont avortées dans le sang, après une période marquée par des actes de sabotage systématiques. Une trentaine de votants sont froidement assassinés à la ruelle Vaillant à Port-au-Prince le jour même des élections.²

1988, 11 septembre : Massacre à l'église Saint Jean Bosco, qui laisse 12 morts et 75 blessés dont une femme enceinte ; l'enfant recevra le nom d'Esperanza lors de la naissance.

Le premier mandat du Président Aristide et coup d'Etat

1990, 16 déc. Election du Président Aristide, et, en janvier 1991, tentative de coup d'Etat par Roger Lafontant.

1991, 7 février : Président Jean Bertrand Aristide accède à la Présidence.

1991, 30 sept. : Coup d'Etat du Général Cédras contre le Président Aristide.

Le Fraph (Front pour l'Avancement et le Progrès d'Haïti), un groupe paramilitaire à la solde de l'armée, a réussi à s'emparer des armes dans les dépôts de l'armée pour armer les civils. Le Front est extrêmement actif au cours de toute la période du coup d'Etat dans la répression des partisans du Président déchu.

1991-1994 : Avec la campagne « *Fè koupe fè* », des armes sont débarquées dans le pays pour organiser la résistance armée contre le coup d'Etat militaire.

Au cours du coup d'Etat, des crimes et massacres odieux sont perpétrés, comme le massacre à Cité Soleil, le 27 décembre 1993 (documenté par la Commission Justice et Paix). La ville des Gonaïves vit le massacre de Raboteau, le 22 avril 1994.

Plusieurs personnalités sont assassinées comme les frères Izméry Georges (le 26 mai 1992) et Antoine (le 11 septembre 1993), Me Guy Malary, Ministre de la Justice (le 14 octobre 1993) et le P. Jean Marie Vincent (le 28 août 1994).³

1994, octobre : Retour du Président Aristide avec la présence de l'armée américaine.

Bien vite après le retour du Président Aristide, on retrouve la présence de groupes armés comme *l'Armée Rouge* à Cité Soleil, au solde des groupes d'intérêts politiques.

Des armes à feu circulent en quantité à Cité Soleil. Elles proviennent des armes des tontons macoutes, de la campagne *Fè koupe fè*, des paramilitaires du Fraph, et des anciens militaires. Parfois il s'agit des armes de l'armée américaine,

² Période bien documentée dans le documentaire d'Arnold Antonin, *Gérard Gourgue. L'homme par qui le cours de l'histoire aurait pu changer*, Centre Pétion Bolivar, 2013.

³ Voir le rapport de la Commission Vérité et Justice, Si m pa rele.

volées des chars par les gangs. Les autorités n'ont jamais déclaré combien d'armes les Marines américains ont laissé à Cité Soleil de cette façon. Quand le Président Aristide a démobilisé les FAd'H en 1994, les anciens militaires sont partis avec leurs armes.

- 1995 Des crimes de nature politique sont commis.
Me Mireille Durocher Bertin et Baillergeau Eugène sont assassinés à la route Nazon le 28 mars 1995.
Assassinat du député Hubert Feuillet, le 7 novembre 1995.
- 1995, 12 juin: Création de la Police Nationale d'Haïti (PNH).
Christine Jeune, une jeune policière a été assassinée sur la Route de Frère après avoir affirmée publiquement à Cité Soleil, devant le Président Aristide et des gens présentés comme des représentants de la population, que la PNH seule a le droit de porter des armes à feu, et non pas les citoyens.

Premier Présidence de René Garcia Préval

- 1996-2001 : Les armes continuent à circuler entre les mains des gangs, groupes armés et personnes privées. Le désarmement déclaré et annoncé officiellement reste une parole en l'air.
- 2000, 3 avril Assassinat de Jean Léopold Dominique et de Jean-Claude Louissaint à Radio Haïti Inter.
- 2000, décembre : Election du Président Aristide pour un deuxième mandat, dans des élections fortement contestées par l'opposition.

Président Aristide, 2^{ième} version (2001-2004) et Gouvernement de transition

- Formation du Groupe des 184 ; lancement des manifestations du GNB (*Grenn nan bounda*) à Port-au-Prince, et rébellion armée dans le Bas Plateau Central et à partir de la République Dominicaine, pour forcer le Président Aristide à quitter le pouvoir.
- 2002, août **Publication du premier rapport de la Commission Justice et Paix sur la violence dans la zone métropolitaine.**
Le rapport couvre les mois de juillet et août 2002.

Un bref rappel du début

La décision de se lancer dans une observation systématique de la violence dans la zone métropolitaine, avec le critère des victimes mortelles à travers les rues de la capitale, a été prise après la découverte d'un cadavre à la Rue Caravelle.

La police, informée promet une intervention rapide. Mais, 24 heures plus tard, le cadavre se trouve toujours au même endroit, et les chiens ont commencé à le dévorer.

Cet événement a mené à une réflexion avec la Commission de l'Archidiocèse et a conduit à un effort de signaler les morts (les cadavres) qui gisaient dans les rues.

Le premier rapport de juillet 2002, qui à peine mentionnait une quinzaine de cas, a donné un choc à plus d'un. Des commentaires rebaptisaient la capitale de « Port-au-crime ».

Toutes les parties politiques (Lavalas qui est au pouvoir, tout comme l'opposition) utilisent des gangs armés pour affirmer leurs positions. La conséquence est la prolifération des armes dans le pays. Le secteur privé également dispose de ses groupes armés et conclut des accords avec des gangs pour défendre ses biens et intérêts. Les militaires démobilisés des FAd'H, eux aussi, réalisent leurs opérations avec les armes dont ils disposent.

A deux reprises le Président rencontre les chefs de gangs de Cité Soleil à Tabarre et au Palais national.

2004, 29 février. Président Aristide est forcé à l'exil.

Les mois de février et de mars 2004 sont à considérer comme les mois de la plus grande violence armée qu'aient connus le pays. Si le rapport de la Commission mentionne respectivement 153 et 145 victimes, les chiffres réels sont plus élevés.

2004 Un Gouvernement de transition avec Président Boniface Alexandre et le Premier ministre Gérard Latortue, est installé.

La Minustah débarque avec plus de 7.000 soldats. Elle n'a jamais publiée de combien d'armes elle dispose, combien elle en a perdu, combien d'armes lui ont été volées.⁴

A partir de septembre : lancement de l'Opération Bagdad, avec attentats et enlèvements (kidnapping). Les kidnappings sont présentés (presque justifiés) comme une réponse au « kidnapping » du Président Aristide. L'origine de la dénomination Opération Bagdad est incertaine : est-ce que le nom provient des groupes partisans du Président en exil, ou vient-il du Gouvernement en place ?

Les années 2004 et 2005 sont marquées par de nombreuses guerres et conflits entre gangs, de nombreuses victimes d'interventions policières (avec Minustah), d'actes d'intimidations (comme les 14 cadavres retrouvés sur la route de Delmas le 25 et 26 septembre 2004).

2005, 9 avril Mort de Ravix Remissainthe, ancien capitaine FAd'H.

2005, 6 juin Opération de la PNH et la Minustah contre la base de Djèd Wilme (Emmanuel Wilmen) à Cité Soleil. Onze morts (dont une femme). Les troupes ne restent pas sur place pour protéger la population, et une vengeance sanglante s'en suit dans la Cité, qui fait plus de 24 victimes au cours de la même journée du 6 juin.

2006 Election du Président Préval pour un deuxième mandat. Il obtient 49,5 % des votes. Trois jours de manifestations de rue obligent le CEP à annuler les « votes blanc » dans le comptage des résultats.

Deuxième Présidence de René Préval

2006, mai Président Préval entre en fonction le 14 mai.

Le candidat Préval jouissait de l'appui des groupes armés des quartiers populaires. Quand le Gouvernement Préval / Alexis (Jacques Edouard Alexis)

⁴ Voir le site www.gunpolicy pour des données.

propose de négocier avec les groupes armés, la désapprobation générale les oblige à durcir leur approche.

2007 : L'action de force de la PNH et la Minustah à l'encontre des gangs et des groupes armés, les affaiblissent ; plusieurs de leurs chefs sont éliminés ou sont arrêtés. Par contre, les armes restent sur le terrain. Aucun désarmement digne du nom n'a été effectué.
Finalement, en termes de chiffres d'assassinats, les années 2007, 2008 et 2009 sont les années les plus pacifiques, depuis l'Opération Bagdad (2004-2006) et avant le moment actuel (2010-2014), où les assassinats se chiffrent entre 2 et 3 par jour dans la zone métropolitaine.

2008, avril Emeutes de la faim, et manifestations contre la cherté de la vie.

2010 : Après le séisme du 12 janvier, des forces armées étrangères de partout foulent le sol haïtien. Personne ne peut se prononcer sur la quantité et la qualité d'armes qu'elles apportent.
La violence armée reprend ses droits dans les zones sensibles de la capitale haïtienne et ailleurs.

L'action par le Gouvernement Préval contre les gangs armés et le changement de leadership dans les groupes armés changera la nature de la violence : désormais elle deviendra moins liée exclusivement à des quartiers en particulier et la lutte entre gangs. La violence deviendra plus diffuse et générale partout à travers la zone métropolitaine. Elle ne diminue pas pour autant, comme est indiqué par les chiffres des dernières années. Les auteurs sont plus difficiles à identifier directement. Certains quartiers restent néanmoins des bastions, comme Martissant, Delmas 2-4, Simon et Pélé et Savane Pistach.

Présidence de Martelly

Les chiffres de 2011, 2012 et 2013 démontrent que la violence armée n'a pas baissé au cours des dernières années ; elle se stabiliserait plutôt entre deux et trois victimes mortelles de la violence armée par jour.

Ce survol rapide peut être trompeur sur certains points, parce qu'il semble favoriser la seule approche politique. Par contre, la violence (même physique) est multidimensionnelle. La paix est autre chose que les armes qui ne chantent pas. Mais la connivence de la politique et la violence apparaît plus clairement de cette approche. Cet aspect sera repris dans les considérations.

Les motivations de la Commission

L'observation des victimes mortelles de la violence dans les rues de la zone métropolitaine a été motivée par les considérations suivantes :

- **Le respect de la vie humaine, le respect de son nom et de son corps.** Il est tout simplement inacceptable que des vies soient éteintes sans qu'aucun effort soit entrepris pour en garder

